TUR U KILIYAŊ	NIMERO RAÑÑEKAAY U JOTIN

Sa yelleef ak sa wareef soo amee ay serwiis yu bawoo ci Administrasioŋ bi yor dundu ci kër gi ak ci askan wi ak Administrasioŋ bi yor ñi am feebaru màggum xel

Your Rights and Responsibilities When You Receive Services Offered by Home and Community Living Administration and Developmental Disabilities Administration

Serwiis yi Jàppandi

Am nga sañ-sañ u tànn ci serwiis yi nga yelloo am. Serwiis yii ci sa coobare la aju. Liggéey yi Administrasioŋ bi yor dundu ci kër gi ak ci askan wi ak Administrasioŋ bi yor ñi am jafe-jafe màggum xel mëna fay, mën nañu la jàppale ci lépp loo soxla.

HCLA ak DDA dañuy joxe ay serwiis ci:

- Kër u Jaboot u Mag, Barab u Taxawu ci Dund, Barab u Mëneef yu Xarañ, Barab u Infirmé, Kër u Bokk, Kër u Xaleey Foster, Kër Dëkk gu am Lisaans u Xale; Kër u Mbooloo DDA; Kër u Taggat u Mbooloo WALA
- Kër u kenn. **Bàyyi ci xel:** HCLA ak DDA mën u ñu la jox mëneef u kenn. ci 24 i waxtu/bes bu nekk ci ab kër u kenn. Su fekkee ni da nga bëgg toppatoo u 24 waxtu kon jeemal seet ci yeneen tanneef yii.

Sa Agence u Gox ci wàllu màgget, Kilifa gi jiite DDA, Xelalkat bi ci wàllu infirmiye, Xelalkat bi ci wàllu faj, Kàngam gi ci wàllu sarwis sosiaal ci kër ak askan wi, wala HCS Nursing Facility Cas Manager lañuy woowe **liggéeykatu dosiye** ci këyit bii.

Say Sañ-sañ

Am nga sañ-sañ u:

- ñu toppatoo la ak diñite, jox la cër te baña xaajatle;
- Ñu toppatoo te jox cër sa dëkkuwaay;
- Ligeey ci lëkkaloo ak sa ligeeykat u kaa ci tërël sa doxalin u toppatoo;
- Am tekkikat u lakk boo dul fay dara su fekkee ni mënuloo lakk wala degg Angale bu baax;
- Ñu deñc say xibaar ci li yoon maye ak sart u DSHS;
- Ñu bañ la forsé nga tontu ay laaj wala def loo bëggul def;
- Ñu wax la ci mëneef yëpp yi nga mën a jot ak tanneef yi nga am ci wall u mëneef yi nga bëgg ak yi nga bëggul;
- Ñu wax la ci mbind ndogal yi asaans yi jël ak jot ay kopi wu sa palaŋ u toppatoo wala tëŋk u palaŋ u taxawu;
- Bañ mëneef yëpp;
- Tànnal, dàq wala soppi ki lay faj;
- Jot ñjuréef yi bawoo ci saytu taarixu tawat bi sa fajkat bi nga tànn amal;
- Wax ak sa ki la yilif ci ligeey bi su fekkee ni yow wala sa ligeeykat u kaa dafa am lenn ci lu ngeen andul;
- Mën nga duggal sa plainte walla sa xalaat saa yoo amee lu la nàqari ci mbebéttum liggéeyu diwaan bi walla ki lay jox mëneef ci sa doxalinu waajal toppatoo, palaŋu toppatoo, serwiis, walla lépp lu la neexul ci sa kër ak sa dëkk. Am nga sañ-sañ u duggal plainte te doo ragal ñu lay fexeel. Soo bëggee dugal sa plainte dangay woote ci 1-800-737-0617, yónnee bataaxal grievances@dshs.wa.gov, wala nga laaj kenn ci ndawi DDA wala HCLA ñu joxla ay leeral ci ni ñuy bindee plainte;
- Laaj Kureel u Yorin u Nguur mu deglu la su fekkee ni dafa am ay kaas yu nga bëgg kaas;
- Mën nga kaas te bul si ragal dara donte sax yow yaa laaj Kureel u Yorin u Nguur m deglu la;
- Waxal ak benn layalkat ci woote ci 1-888-201-1014; ak
- Ñu bañ la nax, doyadal, sacc sa xaalis, wala bërgël la. Ngir am misaal u baat yooyu, seetil: https://www.dshs.wa.gov/altsa/home-and-community-services/types-and-signs-abuse. Su fekkee ni yow wala kenn ku nga xam da ñu ko nax, doyadal, wala sacc, ñu ngi lay ñaan nga woo waa DSHS te doo fay dara ci 1-866 (End Harm) /1-866-363-4276 ngir wax ak ab ligeeykat bu lay mën dimbali;

Barcode label

16172

TUR U KILIYAŋ	NIMERO RAÑÑEKAAY U JOTIN

Say Wareef

Am nga wareef u:

- Bayyi ligeeykat u kaa bi bu matal xayma bi lu mu yees-yees benn yoon ci at mu nekk ci barab bu nga tann;
- Bayyi ligeeykat u kaa bi xool sa dëkkuwaay lu mu yees-yees benn yoon ci at mu nekk;
- Gix nu leeral yi nu la laaj ngir ñnu mën la defal càmbar gi war ba noppi jàppale la ci sa jokkalantey palaŋu paj;
- Waxal sa ligeeykat u kaa ndax keneen dafa lay jëlal ay dogal u paj wala koom;
- Bokkal ci suqqali sa toppatoo wala sa palaŋ u taxawu, te nga xaatim ko;
- Tontu te jokkoo ak sa liggéeykat ci waxtu wi war;
- Tannal sa toppatoo u wer gu yaram u bopp;
- Tannal joxekat u mëneef bu xarañ;
- Bayyil sa sek u joxekat mu nëbbu;
- Xamal ni sa joxekat u mëneef mënul fayeeku ci mëneef yii wala ci waxtu yu ñu ko jagleelul;
- Waxal sa ligeeykat u kaa su fekkee ni da nga am ay jafe-jafe ak sa joxekat u mëneef wala su fekkee ni jot u loo waxtu yi la sa joxekat u mëneef wax;
- Fayal sa joxekat u mëneef weer wu nekk su fekkee ni da ngay fay benn wall u sa toppatoo gi;
- Sàkk barab u ligeeyukaay bu am kaaraange;
- Baña def lenn lu mëna jural nit ñi loraange;
- Wax ko sa liggéeykat balaa ngay dem, sudee dangay tukki ci bitim etaa Washington ak sa kiy toppatoo sa bopp; ak
- Waxal sa ligeeykat u kaa su fekkee ni dafa am coppite ci:
  - ✓ Feebar bi nga am;
  - ✓ Ndimbal li ngay am ci say mbokk, say xarit wala yeneen agence;
  - ✓ Fi sa koom toll;
  - ✓ Barab bi ngay fajoo;
  - ✓ Fi nga dëkk ci etaa bu Washington; wala
  - ✓ Sa dëkkuwaay – yaa ngi waaja toxu, wala leegi yaa ngi dëkk ci bitim etaa Washington.

Wareef u Ligeeykat u Kaa yi

Sa ligeeykat u kaa am na wareef u:

- Toppatoo la ak diñite te jox la cër;
- Aar sa sutura;
- Wax la lan la HCL ak DDA mën defal, wala mënula defal;
- Jot xibaar ci yow ak ci ñeneen ngir def ab xayma ngir xam sa tolluwaay u taxawu ak jël dogal ci yan mëneef ngay mën tànn;
  - ✓ Xayma bi bokk na ci say doole, yi lay yemale, say mbebet, say taamu;
  - ✓ Xayma bi bokk na ci ndimbal bi nga nekk di jot wala bi nga mën a jot ci jaboot wala yeneen asaans ak naka nga bëgg ñu defal la mëneef yii;
- Taxawu la ngir nga taxawal ab palaŋ wala palaŋ u jappale buy amaale taxawu ak toppatoo nit ak di si boole say mbebet u bopp, say taamu, ak say tanneef;
- Jot xibaar ci yow ak ci ñeneen ngir yeesal sa palaŋ u toppatoo wala sa palaŋ u jappale at bu nekk wala saa bu nekkin gi soppeekoo;
- Jox la jot gu doy ngir joxe xibaar bi ñu soxla;
- Yonnee jafe-jafe yii ak sa palaŋ u toppatoo wala palaŋ u jappale ci ni muy ñëwee;
- Jox cër say àq ak jox la ndimbal ci xayma mëneef yii su fekkee ni da nga am weradi xel, neer, cër u raññee, wala cëru yengu; itam
- Dimbali la nga gis joxekat u mëneef gu aay su fekkee ni mën u loo gisal sa bopp benn.

Barcode label

16172

TUR U KILIYAÐ	NIMERO RAÑÑEKAAY U JOTIN

Tektal u Waajal

Am nga sañ-sañ u joxe ay tektal u waajal. Tektal u waajal bokk na ci mbebet u dund wala dooley layalkat buy mën yagg ngir sa toppatoo wer gu yaram. Tektal u waajal dafay tëŋk say mbebet ci wall u paj ak/wala ci wall u wer ub xel, bokk na ci aqq u nangu wala bañ bepp paj, ci wall u xel, wala oppeere, saa boo amulee wer ub xel u jël yooyu dogal ngir yow. Mën nga dellu ginaaw ci tektal u waajal yooyu saa bu la neexee ngir dindi ko.

Mëneef u Bindub Wotékat yi

Sart u Reew bu Bindug Wotékat bu 1993 dafay laaj diwaan yëpp joxe taxawub bindu ngir woté ci biir seen biro taxawu ngir askan wi. Dugg ngir bindu wala baña dugg ngir bindu seentu ci woté du soppi dara ci mëneef yii wala li ngay jot ci ndampaay boo xam ni ci asaans bi lay bayyeekoo. Su fekkee ni da nga bëgg dimbali ci bindu ak formileer u bindu ngir woté, di na ñu la dimbali. Sa jël dogal ci bindu wala baña bindu di na ñu ko deñc ci sutura te di na ñu ko jëfëndikoo su fekkee ni ci wall u bindu la rese. Su fekkee ni da nga xalaat ni kenn dafa salfaañe sa aqq u bindu wala baña bindu ngir woté, sa aqq u sutura ci tann ndax da ngay bindu rek wala def ko ngir woté, wala sa aqq u tann sa parti u bopp wala beneen tanneef u politik, mën ngaa dugal ab ñaxtu ak:

Washington State Elections Office
PO Box 40229
Olympia WA 98504-0229
1-800-448-4881

Sa Xaatim

Xaatimal ci suuf sudee xam nga say yelleef ak say wareef, te xam nga wareefu sa kilifa.

Xaatimu Kiliyaan bi	Bis bi
Xaatimu Ki ko Teewal ci Yoon	Bis bi

Yegle ngir kiliyaan yi ak liggéeykat yi (Title VI ak VII), Departemaa bi yor wàllum paj ak wérgi-yaram ci Etaa bu Washington, liggéeykat la buy yamale ñépp, te du tànn nit ci benn wàllu liggéey, programm yi wala serwiis yi ci wàllu at, góor wala jigéen, jubluwaayu awra, diine, dàntite genre/fësal, nekkinu sëy, cosaan, lakk, lakk, bokk ci politik, nekk soldaar, veteran bu ñu bàyyi ci ngor, Vietnam Era, bu yàggul dara ñu tàqaloo wala beneen nekk veteran buñ aar, nekkinu bepp yëg-yëg, xel, yaram wala jëfandikoo xaj bu tàggat wala baayima buy liggéey ci nit ku am laago, payoor buy méngoo wala xibaar genetik.

Barcode label

16172

Sa yelleef ak sa wareef soo amee ay serwiis yu bawoo ci Administrasioŋ bi yor dundu ci kër gi ak ci askan wi ak Administrasioŋ bi yor ñi am feebaru màggum xel

Tegtali Liggéeykatu Dosiye

1. Xoolaatal formileer bi ak kiliyaŋ bi ngir tontu ci bepp laaj ci wall u àq u kiliyaŋ bi ak ay wareefam. Xoolaat ak kiliyaan bi ci njëkkante CARE (wala ci Coppite bu am solo/Annuel sudee siñe wuñu formileer bi). Su amee formileer buñ yeesal, waxal kiliyaan bi mu siñe formileer biñ yeesal. Formileeru yelleefi ak wareefu kiliyaan bi mujjee génn, bi liggéeykatu dosiye bi defar te kiliyaan bi siñe ko, mooy wuutu formileer yiñ njëkka siñe.
2. Waxal kiliyaan bi wala ki koy represente mu siñe ñaari kopi ci formileer bi ngir wane ni xam nañu yelleefi kiliyaan yi ak wareefam yi suñuy jot serwiis yi Administrasioŋ buy Dundu ci Kër ak Askan wi ak Administrasioŋ biy Yorandi Am-am.
3. Defal benn kopi ci dosiye elektronik bu kiliyaan bi, nga jox beneen kopi bi kiliyaan bi.